# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–02 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस के हाथरस में आजु एगो बड़हन हादसा हो गइल हवे। एइजा एगो सत्संग में हिस्सा लेवे पहुंचल लोगिन में भगदड़ हो गइले से अबले सत्ताइस लोगिन क मउति हो गइले क खबरि हवे। जनकारी के मोताबिक भोले बाबा के सत्संग में भगदड़ हो गइले से ई हादसा भइल।

एटा क एसएसपी राजेश कुमार सिंह कहलें कि हाथरस जिला के मुगलगढ़ी गांव में एगो धारमिक आयोजन चलत रहे, तब्बे भगदड़ मचि गइल। एटा अस्पताल में अबले सत्ताइस गो सव आ चुकल हवें, जवने में तेइस गो महिला, तीनि गो लइके अउर एगो पुरूस क सव सामिल हउवे। घाही लोगिन के अस्पताल ले जाइल जा रहल हवे। मामिला के जांचि क निरदेस दीहल गइल हवे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एक्स पर सनेसा के जरिये येह हादसा पर आपन संवेदना जतवले हवें। सथहीं अधिकारियन के जुरते मौका पर पहुंचि के राहत कार में तेजी ले आवे क निरदेस दिहले हवें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के अध्यक्षता में आजु भइल कैबिनेट के बइठकी में स्पेसल इन्वेस्टमेंट रीजन एक्ट के सथहीं इग्यारह प्रस्तावन के मंजूरी दीहल गइल। येह एक्ट के जरिये देस अउर दुनिया के बड़हन निवेसकन के उत्तर प्रदेस में निवेस करे बदे आकरसित कइल जा सके ला। सरकार के येह फैसिला से ईज ऑफ डूइंग बिजनेस के बढ़ावा मिली, सथहीं आरथिक विकास के गति मिली जबकि जन सामान्य के रोजिगार क नया मौका मिली।

वित्त मंत्री सुरेश खन्ना बतवलें कि प्रदेस में स्पेसल इन्वेस्टमेंट रीजन डेपलप करे बदे ई एक्ट बनावल गइल हवे। येह तरह क एक्ट अबहिन ले तीनि राज्यन में बाटे, जवने में गुजरात, राजस्थान अउर कर्नाटक सामिल हउवे। येह एक्ट के लागू करे वाला उत्तर प्रदेस चउथा राज्य बनि जाई। श्री खन्ना बतवलें कि एकरे अलावे सुप्रीम कोर्ट के निरदेस पर दुइ हजार तेइस में सेवा से हटावल जाये वाले बाइस सौ से जियादे अध्यापकन के योगी कैबिनेट अस्थाई रूप से असासकीय सहायता प्राप्त माध्यमिक विद्यालयन में मानदेय पर रक्खल गइले के प्रस्तावो के मंजूरी दिहले हवे।

**********

प्रदेस क परिवहन मंत्री दया शंकर सिंह आजु वाराणसी के सर्किट हाउस में पत्रकारन से बतियावत कहलें कि आवे वाले कुंभ क तइयारी जोर–सोर से हो रहल बाटे। यात्रियन के सुविधा बदे परिवहन विभाग सात हजार नया बस चलवाई, सथहीं छत्तीस सौ अउरियो बस खरीदल गइल हवे।

परिवहन मंत्री कहलें कि हमहन क ई कोसिस रही कि कुंभ के अन्दर डीजल बसन के जगहि पर सीएनजी अउर इलेक्ट्रिक बसन के चलावल जाए। एकरे सथहीं कुंभ क्षेत्र में आवे वाले राहिनि पर अस्थाई बस स्टैंडो क इंतिजाम कइल जाई, जवने से यात्रियन के कउनों असुविधा न होखे। चिन्हित जगहिनि पर बस अड्डन क निरमाण सुरू हो गइल हवे। एगो सवाल के जबाब में श्री सिंह कहलें कि राहुल गांधी संसद में जवन अनाप–सनाप बेयान दे रहल हवें ऊ उनके हतासा के देखावे ला।

**********

सरकार राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी (एनटीए) क सुचिता बनावल रखले अउर मजबूत तंत्र बिकसित करे बदे छात्रन अउर अभिभावकन से सुझाव अउर प्रतिक्रिया मंगले हवे। सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय सोसल मीडिया पोस्ट में कहले हवे कि डॉक्टर के. राधाकृष्णन के अध्यक्षता में गठित उच्च स्तरीय समिति विद्यार्थियन अउर अभिभावकन से परीक्षा प्रक्रिया में सुधार, डेटा सुरक्षा, प्रोटोकॉल में सुझाव अउर राष्ट्रीय परीक्षण एजेंसी के संरचना अउर कार्यप्रणाली पर सुझाव आ विचार मंगले हवे। सुझाव सात जुलाई ले भेजल जा सके ला।

**********

उत्तर प्रदेश विधान परिषद के सदस्य पद क उप चुनाव बदे आजु भारतीय जनता पारटी क ओम्मेदवार बहोरन लाल मौर्य आपन परचा दाखिल कइलें। परचा दाखिला के बादे मीडिया से बतियाव श्री मौर्य कहलें कि भाजपा पिछड़न अउर दलितन के साथे हउवे। बिपक्ष उन्हें गुमराह कइले क कोसिस कइ रहल हवे, ओहके करारा जबाब मिली। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, उपमुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक, संसदीय कार्यमंत्री सुरेश खन्ना आ अउरियो लोगि मौजूद रहलें।

**********

पीलीभीत जिला के स्कूल कॉलेजन में आजु संचारी रोग नियंत्रण के बारे में लइकन के जनकारी दीहल गइल। जिला विद्यालय निरीक्षक लइकन के संचारी रोग से बचाव क तरीका बतवलें। उहां के कहलीं कि येह रोगन से बचाव बदे अपने आसपास साफ–सफाई रक्खल बहुत जरूरी हउवे। प्राथमिक लक्षण लउकले पर मनई के जुरते डॉक्टर से सलाहि लेवे के चाही।

**********

प्रदेस में मानूसन के सक्रिय भइले के बादे से अधिकांस जिलन में हो रहल बरखा से आम लोगिन के भीसण गरमी से आराम मिलल हउवे, हलांकि मौसम विभाग बहराइच, गोंडा, बलरामपुर, श्रावस्ती के सथहीं कई गो जिलन में गरज–चमकि के साथे भारी बरखा क चेतावनियों जारी कइले हवे। एकरे अलावे प्रदेस के ढेरि जिलन में बरखा क आगम बनल रही। राहत आयुक्त कार्यालय से जारी विज्ञप्ति के मोताबिक प्रदेस में कउनहूं जगहिनि पर अबहिन बाढ़ि क स्थिति नइखे।

**********